

Medikaman pou Pran pou Pa Gen Malarya Pandan W ap Vwayaje Idwoкси-Klowokin (Plaquenil™)

Kisa idwoкси-klowokin ye?

Idwoкси-klowokin (ki rele silfat idwoкси-klowokin tou) se yon medikaman kont atrit ou kapab pran tou pou pa gen malarya. Li disponib nan Etazini sou preskripsyon sèlman. Yo vann li sou non komèsyal Plaquenil, epi yo vann li tou kòm yon medikaman jenerik. Li disponib an grenn baz 155mg (sèl 200mg).

Ou ta dwe konnen grenn baz 155mg se menm ak grenn sèl 200mg. Se senpleman de (2) fason diferan pou dekri menm bagay la.

Doktè kapab preskri ou idwoкси-klowokin pou swa pou pa pran malarya oswa pou trete malarya.

Fèy enfòmasyon sa a bay enfòmasyon sou fason pou itilize medikaman an pou pa pran enfeksyon maladi lè w ap vwayaje.



Kimoun ki kapab pran idwoкси-klowokin?

Doktè kapab preskri idwoкси-klowokin pou adilt ak timoun tout laj. Fanm ansent ak manman k ap bay tibebe yo tete kapab pran li tou san pwoblèm.

Kimoun ki pa ta dwe pran idwoкси-klowokin?

Moun ki gen maladi soryazis pa ta dwe pran idwoкси-klowokin.

Kijan mwen ta dwe pran idwoкси-klowokin?

Adilt ak timoun ta dwe pran yon dòz idwoкси-klowokin pa semèn apati omwen 1 semèn anvan yo vwayaje pou ale nan zòn kote moun ap transmèt malarya. Yo ta dwe pran yon dòz chak semèn pandan yo nan zòn nan, epi pandan 4 semèn youn-apre-lòt apre yo kite zòn nan.

Dòz chak semèn pou adilt yo se baz 310mg (sèl 400mg).

Doktè ou ta sipoze kalkile dòz kòrèk chak semèn nan pou pitit ou dapre gwosè timoun nan. Dòz timoun nan pa ta dwe depase dòz baz 310mg (sèl 400mg) adilt la pa semèn


Ki kote mwen kapab achte idwoкси-klowokin?

Medikaman kont malarya yo disponib nan Etazini sou preskripsyon sèlman. Ou ta dwe jwenn medikaman yo nan yon famasi anvan ou vwayaje olye ou jwenn li nan peyi kote ou prale a. Gen risk si ou achte medikaman yo nan peyi etranje: medikaman yo kapab gen move kalite, yo kapab pou epitou yo kapab pa pwoteje ou kont malarya.

Nan ki kote nan lemonn yo kapab itilize idwoкси-klowokin pou prevansyon malarya sou vwayajè yo?

Ou kapab pran idwoкси-klowokin nan kote klowokin (yon medikaman asosye) toujou efikas. Gen sèlman yon ti kantite kote ki rete nan lemonn kote idwoкси-klowokin toujou efikas, tankou kèk kote nan Amerik Santral ak nan Antiy yo.

CDC ap kontinye swiv tout kote nan lemonn moun ap transmèt malarya epi ki gen medikaman kont malarya ki rekòmande pou itilize nan chak kote. Ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo avèk plan ki sou sitwèb CDC pou malarya: <http://www.cdc.gov/malaria/map/index.html>.



Idwoksi-klowokin (Plaquenil™)

Malarya se yon maladi grav ki kapab lakòz lanmò si li pa trete touswit. Moun pran maladi a akòz yon parazit ki kapab enfekte yon sèten kalite moustik ki manje imen.

Chak ane, doktè dekouvri apeprè 1,700 ka malarya nan Etazini. Prèske tout ka sa yo se sou vwayajè ki ale nan kèk kote nan lemond ki gen moun ki gen malarya.

Èske idwoksi-klowokin ap reyaji avèk lòt medikaman mwen yo?

Kèk lòt medikaman kapab reyaji avèk idwoksi-klowokin epi yo lakòz ou gen pwoblèm. Doktè ou responsab pou evalye lòt medikaman w ap pran yo pou asire yo pa reyaji youn kont lòt yon fason ki danjere epitou pou asire yo pa reyaji kont idwoksi-klowokin. Nan kèk ka, doktè ou kapab ajiste medikaman yo pou diminye reyaksyon yo nèt youn ak lòt. Ou kapab mande famasyon ou tou pou tcheke si medikaman yo ap reyaji youn ak lòt.

Ki efè segondè idwoksi-klowokin ka lakòz?

Idwoksi-klowokin se yon medikaman moun tolere byen. Reyaksyon negatif ki pi komen yo te rapòte se doulè lestomak, kèplen, vomisman, ak maltèt. Efè segondè sa yo kapab diminye souvan si ou pran idwoksi-klowokin avèk manje. Idwoksi-klowokin ka lakòz demanjezon tou sou kèk moun.

Tout medikaman ka lakòz efè segondè. Efè segondè minè tankou kèplen, vomisman pafwa, oswa dyare anjeneral pa oblije ou sispann pran medikaman kont malarya. Si ou pa kapab tolere medikaman kont malarya, wè pwofesyonèl swen sante ou; gen lòt medikaman kont malarya ki disponib.

Lòt konsiderasyon

- Yon bon chwa pou vwayaj ki dire pi lontan paske ou gen sèlman pou pran medikaman an yon fwa pa semèn.

- Òvèdòz medikaman kont malarya, sitou idwoksi-klowokin, kapab lakòz pasyan an mouri. Ou ta dwe mete medikaman an nan resipyan kote tibebe ak timoun p ap jwenn li.
- Kèk moun deja ap pran idwoksi-klowokin souvan pou lòt pwoblèm medikal tankou atrit. Nan ka sa yo, moun sa yo ka pa bezwen pran yon medikaman sipleman pou yo pa gen malarya. Doktè ou kapab ba ou konsèy.

Konbyen tan mwen ka itilize idwoksi-klowokin san risk?

CDC pa gen limit sou itilizasyon idwoksi-klowokin pou prevansyon malarya. Lè ou pran idwoksi-klowokin nan pi gwo dòz pandan anpil ane, w ap gen yon maladi zye ra ki rele retinopati. Moun ki pran idwoksi-klowokin pandan plis pase senk (5) ane ta dwe fè egzamen zye souvan.

Pou jwenn plis enfòmasyon:

Tcheke sitwèb CDC pou malarya nan www.cdc.gov/malaria

Pwofesyonèl swen sante ki bezwen èd avèk dyagnostik oswa kontwòl ka malarya yo sispèk ta dwe rele Liy Enfòmasyon CDC pou Malarya: 770-488-7788 oswa 855-856-4713 gratis (Lendi-Vandredi, 9am-5pm, lè zòn lès).

Konsiltasyon pou ijans apre lè biwo fèmen, rele nimewo: 770-488-7100 epi mande pou pale avèk yon klinisyen Branch Malarya CDC.

Evite Pran Malarya

- Pran yon medikaman kont malarya.
- Pa kite moustik mòde ou.
- Si ou malad, chèche swen pwofesyonèl swen sante imedyatman.